

DEMAND YO POU GADE AK VIZITE TIMOUN (Paran nan Florid)

OKENN NAN PARAN YO KI ANNAFÈ PA DWE JANM KACHE KOTE NENPÒT NAN TIMOUN YO YE, EPI TOU CHAK PARAN AP METE YON LÒT OKOURAN DE ADRÈS KAY AK NIMEWO TELEFÒN YO KOTE TIMOUN LAN AP RETE A PANDAN KE NENPÒT NAN PARAN YO AP GADE TIMOUN LAN. CHAK PARAN DWE FÈ LÒT LA KONNEN IMEDIATMAN (PA PI TA KE 3 ZÈD TAN) DE TOUT IJANS KI REGADE NENPÒT TIMOUN DE MOUN KI ANNAFÈ YO.

VIZIT AREZONAB® AVEK NENPÒT TIMOUN DE MOUN KI ANNAFÈ YO DWE PRAN PLAS A TÈL LÈ EPI TÈL PLAS KE MOUN YO KA TONBE DAKÒ. SI MOUN KI ANNAFÈ YO PA KA JWEN YON ANTANT SOU KIJAN POU VIZIT LA FÈT, ORÈ POU VIZIT KI ETABLI ANBA A VA APLIKE.

1. FEN SEMÈN YO paran ki pa gade timoun lan - chak de semèn (chak lòt wikend) de 5:00PM Vandredi a 7:00PM Dimanch ki swiv la.

2. JOU LA SEMÈN YO: Paran ki pa gade timoun lan - chak Mèkredi de 5:00 PM a 8.00 PM.

3. JOU FÈT YO:

A. Vakans Annivè (nwèl) pou timoun yo ki ale lekòl - Paran ki pa gade timoun:

Ane chif pè yo - de 5.00 PM Vandredi ki kòmanse vakans lekòl la, a 7:00 PM 25 Desanm.

Ane chif enpè yo - de 7:00 PM 25 Desanm, a 2:00 PM Dimanch avan lekòl reouvè a.

B. Vakans Annivè (nwèl) pou timoun ki pa ale lekòl - paran ki pa gade timoun lan: chak ane, de 12:00 Midi a 7:00 PM, 25 Desanm.

C. Vakans Oprentan (Pak) pou timoun ki ale lekòl - Paran ki pa gade timoun: tout Vakans Prentan chak ane, de 5:00 PM dènye jou lekòl la, a 2:00 PM Dimanch avan lekòl reouvè.

D. Fèt Aksyon de Gras - Paran ki pa gade timoun:

Ane chif enpè yo - de 5:00 PM Mèkredi avan Fèt Aksyon de Gras la a 7:00 PM, Vandredi ki swiv Fèt Aksyon de Gras la.

Ane chif pè yo - de 7:00 PM, Vandredi ki swiv Fèt Aksyon de Gras la a 2:00 PM Dimanch ki vin aprè a.

E. Fèt Manman / Fèt Papa: Dwe pase ak paran ke jou fèt an kesyon an ap onore a. de 10:00 AM a 7:00 PM.

F. Anivèsè Nesans yo: Timoun lan dwe pase anivèsè nesans li lakay paran ki gade-l la, amwenske anivèsè a tonbe nan dat yon vizit nòminal ki te gen tan planifye ak paran ki pa gade timoun lan.

G. Jou Fèt ki pa Mansyone yo: Si paran yo ta dwe rekonèt ansanm yon jou fèt ki pa mansyone espesyalman nan Lòd sa, chak paran dwe kopere ak lòt la nan bay jou vizit ak paran ki pa gade timoun lan pou tout jou fèt la sou ane chif ki pè yo, epi tou bay tan pou komanse e fini pou jan de vizit sa yo.

(Paran nan Florid) ap kontinye...

4. VAKANS POU TIMOUN KI PA ALE LEKÒL: Paran ki pa gade timoun lan - yon mwa pa an, pou tonbe dakò ak vakans nan travay paran ki pa gade timoun lan. Notis pou dat yo nan jan de vakans sa yo dwe bay a paran ki gade timoun lan pa mwens ke 60 jou avan mwa vizit la komanse. Vizit vakans lan ap dire 30 jou yon aprè lòt, e pa dwe Adivize® nan ti moso piti amwens ke tou de pati yo dakò.

5. VAKANS DETE POU TIMOUN KI ALE LEKÒL:

Paran ki pa gade timoun lan: de 5:00 PM dezièm Vandredi aprè la fen ane lekòl la, a 5:00 PM 8èm Dimanch ki swiv fèmte ane lekòl la.

Paran ki gade timoun lan - yon vizit nan wikend diran vakans dete timoun lan ak paran ki pa gade timoun lan, de 5:00 PM 5èm Vandredi aprè lekòl la fèmen, a 7:00 PM Dimanch ki swiv la.

A. Lekòl Dete: Si yo mande timoun lan pou patisipe nan Lekòl Dete pou pase al nan lòt klas la, sa dwe fèt, e Orè Vizit Vakans Dete ke nou dekri anlè a pa aplikab. Vizit lè Wikend jan paragaf 1 an defini-l lan pou Lòd sa ap aplikab diran Vakans Dete. Vizit Vakans Dete pou paran ki pa gade timoun lan ap kòmanse de 5:00 PM Vandredi ki swiv fèmte Vakans Dete a, e dire jiska 7:00 PM 7èm Dimanch ki swiv fèmte Vakans Dete a oubyen 7:00 PM Dimanch ki vin imediatman avan kòmansman nouvel ane lekòl la, nenpòt ki vin avan.

6. TANN : Timoun lan e paran ki gade timoun lan pa ta dwe tann pa plis ke 30 minit pou paran ki pa gade timoun lan pou vin pran timoun lan pou kòmanse nenpòt vizit. Yon paran ki anreta (depase 30 minit) lè lap vin pran timoun lan nan men lòt paran an pèdi dwa vizit li pou peryòd sa.

7. VIZIT ANILE YO : Anile vizit pa nenpòt nan paran yo ka rive fèt pa konsantman tou de pati yo. Demann pou anile dwe bay a lòt pati a pa pi ta ke 5:00 PM Mèkredi avan vizit la kòmanse; pou vakans dete ak vakans prentan yo, demann lan dwe fèt pa mwens ke 30 jou avan vakans lan planifye pou kòmanse a. Si tou de pati yo pa dakò ak anile vizit la, paran kap chache anile vizit la dwe fè aranjman e peye pou bebisitè, swen timoun lan, ou lòt sipèvizyon apwopriye pou timoun lan pandan peryòd vizit la. Mankman nan bay swen ak sipèvizyon konvenab a timoun lan nan sikonstans sa yo ka fè-w pèdi dwa vizit ou yo a lavni.

8. KONFLI YO : Wikend Regilye, Jou Lasemèn, e Vizit Vakans Dete dwe fèt an kowòdinasyon ak Orè Vizit Vakans ki detaye nan Lòd sa. Si ta genyen oken konfli ant vizit regilye ki planifye yo ak Vizit Vakans yo, Orè Vizit Vakans lan ap pran kontwòl.

PREPARE E ODONE PA JIJ SIKWI JOHN L. PHILLIPS